# Дунги тун арай эбелалде.



**Автор: Буртабазул гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул**

**ц1адохъан Мусаев Гунащ.**

# Дунги тун арай эбелалде.

Дун разияв вуго гьаб дунялалда,
Дур васлъун ватидал, хирияй эбел.
Дур хасияталъул гьит1инаб бут1а
Дие щванани, вохилаан дун.

Щибниги дир рек1елъ ч1ух1и батани,
Дудаса ч1ух1иялъ буго, дир эбел.
Кибниги дир чорхолъ рохел батани,
Дудаса вохиялъ буго, хирияй.

Дир недегьай эбел, х1алимай баба,
Рак1щун бук1уна дир, рик1к1ад мун йик1ун.
Дур к1алъай, реэди раг1инч1ониги,
Мунгун дандч1вазе дир анищ бук1уна.

Яч1а дир хирияй, къай дун каранде,
Къвал бай дир канлъийин цо нухалъг1аги.
Виччаге кодоса, ккве дир гьал кверал,
Т1олабго дир рокьи чвахила духъе.